



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN PLIS PASE 1,000 FABRIKAN BWASON ATIZANAL K AP OPERE KOUNYE A NAN ETA NEW YORK**

***Gen 538 nouvo fabrikan bwason atizanal ki ouvè depi lè premye Somè sou Byè, Diven, Likè ak Sid Gouvènè a te fèt an 2012***

***Gen 108 nouvo fabrikan bwason atizanal ki ouvè lane pase***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse New York gen kounye a 1,005 fabrikan bwason atizanal k ap opere nan 60 konte nan eta a. Depi Gouvènè Cuomo te òganize premye Somè sou Byè, Diven, Likè ak Sid la (Beer, Wine Spirits and Cider Summit) an 2012, kantite biznis k ap pwodui bwason atizanal yo plis pase double, alòske kantite fabrikan agrikòl yo ogmante pa plis pase 150 pousan. Kounye a New York klase pami senk pi bon eta yo nan Etazini pou kantite pwodiktè bwason atizanal li genyen nan chak kategori. Eta a klase premye nan Etazini pou kantite pwodiktè sid yo, dezyèm pou kantite gildiv atizanal yo, twazyèm pou brasri, ak katriyèm nan peyi a pou kantite total kav diven yo.

“Kwasans endistri bwason atizanal New York la kontinye ap pouse ekonomi lokal yo toupatou nan eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan travay pou retire obstak ki anpeche agrandisman yo, nou ede favorize nouvo opòtinite pou ti biznis yo epi nou pral kontinye kore brasri yo, kav diven yo, sidri yo ak gildiv yo pandan y ap devlope mak yo, kreye nouvo djòb epi mennen touris toupatou nan New York.”

“Gras a efò san pran souf New York yo pou redui fòmalitye administratif yo, fabrikan bwason atizanal yo ap pwospere jan sa pa janm fèt anvan nan kominote toupatou nan Eta a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou pran angajman devlope endistri a epi atire fabrikan nan New York avèk nouvo mache pou pwodui yo, sa ki mennen kreyasyon anpil djòb. Endistri bwason atizanal la ap monte anflèch, kreye nouvo opòtinite epi pouse touris nan tout rejyon Eta a.”

Depi oktòb 2012, gen 538 nouvo biznis atizanal ki ouvè, pami yo 285 nouvo brasri atizanal, 96 kav diven, 95 gildiv, 39 nouvo sidri ak 23 nouvo pwodiktè ki gen pèmi pou pwodui diferan tip bwason alkolik. Lane pase sèlman, gen 64 nouvo brasri atizanal, 22 nouvo kav diven, 15 nouvo gildiv atizanal ak sèt nouvo sidri ki ouvè nan Eta New York.

Endistri fabrikasyon atizanal ki reparèt la nan New York touche tout rakwen eta a, avèk gwo pwofi pou tout rejyon yo. Ou kapab jwenn kwasans biznis bwason atizanal yo pa rejyon [isit la](#).

### **Men kèk nan pwen enpòtan yo pou chak rejyon:**

**Rejyon Kapital la** te ajoute 62 nouvo fabrikan bwason atizanal, twazyèm pi gran kantite nan eta a. Rejyon an t ap mennen nan eta a avèk yon ogmantasyon 1,000 pousan nan kantite sal degistasyon ekstèn.

**New York Santral** te ajoute 30 nouvo brasri atizanal, yon ogmantasyon 600 pousan sòti nan senk an 2012. An jeneral rejyon an te fè yon kwasans 172 pousan, avèk ajoutman 43 nouvo biznis atizanal.

**Finger Lakes** fyè posede pi gran kantite fabrikan bwason atizanal total nan tout eta a, 178. Anplis de sa, rejyon an ajoute 27 nouvo kav diven, pi gran kantite a nan eta a.

Se **Mid-Hudson Valley** ki te ajoute leplis nouvo fabrikan atizanal nan tout eta a, avèk ouvèti 93 nouvo biznis. Rejyon an gen pi gran kantite brasri atizanal tou nan eta a, avèk 54 nouvo brasri ki lanse depi 2012.

**Long Island** gen dezyèm pi gran kantite kav diven nan eta a, 79. Rejyon an te ajoute tou plis pase 50 nouvo biznis atizanal depi 2012, sa ki te ogmante kantite fabrikan total la a 131.

**Mohawk Valley** t ap mennen nan eta a avèk pi gran ogmantasyon nan pousantaj nouvo fabrikan bwason atizanal yo, yon ogmantasyon 193 pousan sòti nan 15 an 2012 rive 44 jodi a. Anplis de sa, kantite kav diven yo, brasri atizanal yo, gildiv atizanal yo ak pwodiktè sid yo tout fè plis pase double nan rejyon an depi 2012.

**Vil New York** gen dezyèm pi gran pousantaj kwasans nan fabrikan atizanal, sòti nan 30 an 2012 rive a 84 jodi a. Vil New York pa t gen ankenn sal degistasyon ekstèn an 2012, jodi a gen 12 avèk pami yo kat sikisal magazen ki pou kav diven agrikòl, kat brasri agrikòl, de gildiv agrikòl ak de sikisal magazen ki pou sidri agrikòl.

**North Country** te devlope pa plis pase 150 pousan depi 2012, avèk ajoutman 32 nouvo biznis atizanal. Kantite sal degistasyon ekstèn yo nan rejyon an te ogmante pa 225 pousan, sòti nan kat an 2012 rive a 13 jodi a.

**Southern Tier** t ap mennen nan eta a avèk yon ogmantasyon 600 pousan nan kantite pwodiktè sid yo. Rejyon an dezyèm tou nan kantite sal degistasyon ekstèn nan eta a, 18.

**Rejyon Lwès New York** t ap mennen nan eta a nan kwasans gildiv atizanal, sòti nan youn an 2012 rive a 18 jodi a. Kantite fabrikan atizanal yo te ogmante pa 88 pousan avèk ajoutman 43 nouvo biznis atizanal depi 2012, pami yo 21 nouvo brasri.

Poutèt li rekonèt efè pwodiktè atizanal yo genyen sou ekonomi New York la annantye, Gouvènè Cuomo te òganize premye somè bwason atizanal nan eta a nan mwa Doktòb

2012, kote pwodiktè atizanal yo te detaye lwa, règleman, ak politik epòk Entèdiksyon sou Alkòl la ki te mete restriksyon inital sou pwodiksyon, vant ak maketin pwodui yo. Sa te mennen yon seri chanjman lejislatif ak règlemantè pou fè sa pi fasil pou ouvè epi devlope biznis fabrikasyon atizanal. Pami chanjman yo mete sou pye depi Gouvènè a te antre an fonksyon gen rediksyon taks ak frè yo, kreyasyon nouvo pèmi pou brasri ak sidri agrikòl yo, eliminasyon règleman restriktif yo, soutyen pou rechèch, rediksyon a mwaye tan li pran pou moun jwenn pèmi epi restriktirasyon ansyen lwa sou Kontwòl Bwason Alkolik (Alcoholic Beverage Control) eta te genyen an.

Kwasans endistri bwason atizanal eta a pote avantaj dirèk tou pou agrikiltè New York yo tou poutèt li ogmante demann nan pou pwodui agrikòl lokal. Daprè Inivèsite Cornell la, kantite kawo tè yo kiltive oublon sou yo nan New York la te prèske double soti 2014 rive 2016, epi kantite kawo tè yo kiltive lòj brasri sou yo te ogmante pa 374 pousan nan menm peryòd dezan sa a, soti nan 422 rive apeprè 809 ekta tè. New York gen 13 izin preparasyon malt kounye a tou, yo tout te ouvè apre kreyasyon nouvo pèmi brasri agrikòl la. An menm tan, kwasans agwotouris nan sektè bwason atizanal la te plis estimile endistri touris masiv 100 milya dola New York la.

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta (State Liquor Authority), te deklare,** “Chak nouvo brasri, kav diven, sidri ak gildiv ki ouvè ede pouse ekonomi lokal ak eta yo gras a nouvo djòb, touris ak soutyen pou sektè agrikòl eta a. Empire State ap vin rapidman youn nan destinasyon premye klas pou bwason atizanal nan peyi a, epi soutyen administrasyon sa a pa janm sispann bay endistri a pral sèlman kontinye kwasans k ap bat rekò li a”.

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** “Depi premye somè sou bwason atizanal Gouvènè a, antreprenè toupatou nan Eta a pwofite elan endistri an t ap pran an epi yo pote nouvo pwodui enteresan sou mache a, agrandi izin pwodiksyon yo epi ouvè nouvo sikisal. Kwasans endistri a te gen yon gran efè domino nan kominote nou yo, tankou paregzanp mennen avantaj pou agrikiltè nou yo k ap pote engredyan fre ak kilti agrikòl kalite siperyè pou varyete san parèy byè, diven, likè ak sid”.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Howard Zemsky, te deklare,** “Avèk plis pase 1,000 pwodiktè nan tout eta a, endistri bwason atizanal New York la pi fò pase jan li te janm ye. Envestisman estratejik nou yo nan endistri sa a ap soutni efò revitalizasyon yo anbalavil la, kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik rejyonal toupatou nan Eta New York”.

**Senatè Patty Ritchie, ki se Prezidan Komite Agrikòl la (Committee on Agriculture), te deklare,** “Travay pwodiktè bwason atizanal yo ap fè nan Eta New York ap ankouraje konsomatè yo 'achte lokal', pouse ekonomi nou an, kreye djòb epi ranfòse endistri agrikòl la annantye. Mwen te fyè mete tèt ansanm avèk kòlèg mwen yo nan Sena a pou garanti bidjè eta a te triple finansman pou rechèch nan maketin ak soutyen pou endistri ekstrèmman enpòtan sa a, sa ki pral mennen plis reyisit pou li pandan anpil lane”.

**Senatè Rich Funke, ki se Prezidan Komite Zafè Kiltirèl, Touris, Pak ak Rekreyasyon a (Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te di,** “Biznis yo nan Eta New York ap travay di anpil pou reyisi epi nou konnen fado fiskal

lou nou an pa fè sa fasil pou yo. Epoutan, jan nou wè kantite fabrikan bwason atizanal yo ap grenpe mòn, sa montre pèsèverans pote fwi, gras a moun sa yo ki soutni mezi ki kreye yon klima biznis favorab. Kòm prezidan Komite Zafè Kiltirèl, Touris, Pak ak Rekreyasyon Eta New York la, mwen pral kontinye kanpe ansanm avèk biznis yo nan lite pou rediksyon taks ak kont règleman ki fè ekonomi nou an mal pou eta nou an kapab kontinye monte anflèch kòm destinasyon touristik”.

**Manm Asanble William Magee, Prezidan Asanble Komite Agrikòl la, te deklare,** “Endistri touristik Eta New York la benefisye yon fason eksponansyèl ogmantasyon an nan kantite brasri, kav diven, sidri ak gildiv atizanal ak agrikòl yo; epitou endistri agrikòl la ak ekonomi lokal yo jwenn ankourajman gras a reyisit yo, epi Nouyòkè yo santi anpil fyète ak plezi poutèt bwason atizanal lokal yo. Antreprenè inovatè, entelijan yo ap vanse avèk nouvo konpayi ekselan ak pwodui enteresan, epi gen plis k ap vini toujou”!

**Manm Asanble Daniel J. O'Donnell, ki se Prezidan Komite Devlopman Touris, Pak, Atizay ak Espò a (Committee on Tourism, Parks, Arts and Sports Development), te di,** “Endistri bwason atizanal New York la tèlman ap monte gen kèk pwodiktè anplis ki te deside rete nan Eta New York pandan nou t ap planifye selebrasyon sa a poutèt nou rive sou 1,000! Kwasans sa a se yon pati ekstrèmman enpòtan nan ekonomi Eta New York la, poutèt li mennen touris, kreye djòb epi pouse ekonomi lokal la. Pou chak Nouyòkè, gen yon byè New York ki fèt jis pou yo menm. Mwen pa ka tann pou m wè kijan endistri an pral kontinye devlope ak jwenn opòtinite nan eta nou an”.

**Paul Leone, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association), te deklare,** “Avèk plis pase 400 brasri epi plis k ap vini toujou, se yon bèl bagay pou wè zanmi nou yo nan endistri diven, likè ak sid yo fè eksperyans menm kalite kwasans n ap fè a. Endistri bwason atizanal la annantye se yon istwa reyisit ekonomik toutbon nan anpil nivo, epi li te posib gras a lejislasyon favorab ak soutyen tout pati yo nan kò lejislatif nou an. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou soutyen san fay li a pou endistri nou an, ki bay rezilta klè avèk plis pase 1,000 pwodiktè nan eta nou an. Se pi bon moman pou Nouyòkè yo jwenn epi goute pi bon bwason atizanal ki genyen nan lemond”.

**Prezidan Konfreri Distiyè New York la (New York Distillers Guild) Cory Muscato te di,** “Endistri bwason alkolik la nan Eta New York fè yon kokennchenn kwasans nan gwosè ak nan etandi gras a efò tankou sa Gouvènè Cuomo fè yo. Nan sis lane depi Gouvènè Cuomo te òganize premye Somè sou Byè, Diven, Likè a Sid la an 2012 endistri Bwason Alkolik la wè avansman nan pwogram aksè mache yo, fleksibilite nan règleman yo, anplis senplifikasyon diferan pratik rechèch, atribisyon pèmi, ak finansman. Tout amelyorasyon sa yo bay gildiv nou yo okazyon soutni pwodui yo isit la nan Eta New York ak lòt kote”!

**Sam Filler, Direktè Egzekitif Fondasyon New York Wine & Grape, te deklare,** “Angajman djanm Gouvènè Cuomo a nan devlope sektè fabrikasyon atizanal New York la kontinye ap pote fwi. Bann politik yo pwomilge yo depi premye Somè tout endistri a an 2012 mennen plis pase 430 kav diven nan eta a epi favorize patenarya ak kolaborasyon ant kav diven, brasri, sidri ak pwodiktè likè nou yo, sa ki pote yon kwasans san presedan nan endistri nou yo epitou soutni agrikiltè nou yo epi mennen touris toupatou nan New York”.

**Direktris Egzekitif Asosyasyon Sid New York (New York Cider Association), Jenn Smith, te di,** “Plis sidri vle di pi gran itilizasyon ak valè pou kilti pòm New York la. Elan Gouvènè Cuomo bay bwason atizanal la non sèlman fè sid New York la vin ap mennen nan endistri sid nasyonal la, epi kreye djòb nan sidri yo ki vin nan rezo a pandan kèk lane ki sot pase yo, men li mennen tou yon agrandisman mache a pou fèm familyal yo k ap kiltive pòm, youn nan kilti ki pi enpòtan yo nan New York”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)